

BAB V

DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun kaandharaken kanthi jangkep wonten ing perangan saderengipun, saged dipunpendhet dudutan. Dudutan panaliten wonten tiga inggih menika tipe pawartos, basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum, saha inferensi wacana. Wondene dudutan panaliten kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

1. Tipe pawartos

Tipe pawartos inggih menika jinising pawartos ingkang dipuntingali saking pokok pawartosipun. Tipe pawartos ingkang dipunpanggihaken ing wacana ukum rubrik “Pethilan” inggih menika tipe wacana paraga, ingkang dados pokok pawartosipun inggih menika paraga. Wacana kadadosan, ingkang dados pokok pawartos inggih menika kadadosanipun. Wacana wekdal, ingkang dados pokok pawartos inggih menika wekdalipun. Wacana papan, ingkang dados pokok pawartos inggih menika papanipun. Wacana sebab, ingkang dados pokok pawartos inggih menika sebabipun. Wacana cara, ingkang dados pokok pawartos inggih menika cara anggenipun kadadosa menika dumados. Wacana barang, ingkang dados pokok pawartos inggih menika barangipun. Inkang pungkasan wacana bukti, ingkang dados pokok pawartos inggih menika buktinipun.

Saben tipe pawartos menika cacahipun benten-benten. Tipe wacana paraga cacahipun wonten 21, wacana kadadosan wonten 21, wacana wekdal wonten 2,

wacana papan wonten 2, wacana sebab wonten 3, wacana cara wonten 9, wacana barang wonten 7, wacana bukti wonten 8. Saking andharan kasebat ingkang kathah piyambak inggih menika wacana paraga saha kadadosan, amargi ingkang gampil dipuntengeri saha ingkang gampil narik kawigatosan pamaos inggih menika paraga saha kadadosanipun.

2. Langgam Basa ingkang dipunginakaken wonten ing Wacana Ukum

Langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum inggih menika tetembungan ingkang dipunginakaken saha prakawis ingkang dipunrembag wonten ing wacana ukum. Wondene langgam basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum menika pancen boten gampil dipunlebetaken ing jinis basa ukum menapa, ananging kanthi ningali tetembungan ingkang dipunginakaken saha pokok pawartosipun saged dipunlebetaken ing langgam basa ukum pidana, perdata, utawi sanesipun. Adhedhasar asil paliten, basa ingkang dipunginakaken inggih menika basa ukum ketatanegaraan inggih menika ingkang ngrembag babagan tatanegari Indonesia, basa ukum ketatanegaraan adat inggih menika ngrembag sedaya ingkang gegayutan kaliyan adat istiadat saha tata adat, basa ukum perdata inggih menika ngrembag ingkang gegayutan kaliyan perdata utawi prakawis ingkang gegayutan kaliyan kulawarga saha idin, basa ukum pidana inggih menika ngrembag prakawis pidana utawi kriminal, saha basa ukum acara inggih menika ngrembag undhang-undhang ingkang lumampah.

Saben langgam basa ukum menika benten-benten cacahipun. Langgam basa ukum ketatanegaraan wonten 13, langgam basa ukum ketatanegaraan adat wonten 1, langgam basa ukum perdata wonten 4, langgam basa ukum pidana wonten 47, saha langgam basa ukum acara wonten 8. Inggang kathah piyambak inggih menika basa ukum pidana amargi wacana ukum wonten ing rubrik pawartos “Pethilan” menika kathah ngrembag babagan prakawis inggang gegayutan kaliyan pidana mliginipun korupsi, terorisme, saha narkoba utawi prakawis kriminalitas.

3. *Inferensi*

Inferensi panaliten ing nginggil inggih menika dudutan utawi pamanggih sanes inggang gegayutan kaliyan wacana ukum. Anggenipun nemtokaken *inferensi* utawi dudutanipun ugi dipunbiyantu kaliyan teges saben tembung saha konteks wacana. Saking asil panaliten, *inferensi* wacana kathah-kathahipun ngrembag babagan ukum pidana amargi inggang langkung kathah dipunrembag inggih menika prakawis kriminalitas kadosta narkoba, korupsi, saha terorisme.

Adhedhasar panaliten ing nginggil, wacana ukum menika ngewrat tigang prakawis inggih menika tipe wacana pawartos, langgam basa ukum inggang dipunginakaken, saha *inferensi* utawi dudutan saking wacana ukum.

B. Implikasi

Asiling panaliten inggang jangkep sampun kaandharaken wonten ing bab IV. Wondene asil panaliten menika ugi gadhah *implikasi* inggang kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

1. Dhata saged dipunginakaken dening panaliti ingkang badhe naliti babagan wacana ukum ing rubrik “Pethilan” kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017.
2. Asiling tipe pawartos saha basa ingkang dipunginakaken wonten ing wacana ukum minangka pandom kangge madosi *inferensi* wacana ukum.
3. Asil *inferensi* wacana ukum saged dipunginakaken kangge mahami wacana ukum rubrik “Pethilan” kalawarti Panjebar Semangat *edisi* Juli 2016-Juli 2017.

C. Pamrayogi

Adhedhasar asil panaliten menika, kaaturaken pamrayogi ingkang saged dipunginakaken. Pamrayogi kaandharaken wonten ing ngandhap menika:

1. Panaliten menika ngrembag babagan tipe pawartos, langgam basa ukum, saha *inferensi* wacana wonten ing rubrik “Pethilan” *edisi* Juli 2016-Juli 2019, awit saking menika saged kalajengaken panaliten ingkang ngrembag sanesipun.
2. Panaliten menika namung ngrembag babagan wacana ukum, awit saking menika saged dipunlajengaken ngrembag wacana ingkang sanesipun.
3. Panaliten babagan *inferensi* tumrap wacana menika prelu dipulajengaken kangge ndhudhah maksud saking wacana.
4. Asiling panaliten saged kangge *referensi* panaliten sanesipun.